*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№75 (26527)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 29 апрель – хуымгæнæны мæйы 29 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ФЕДЕРАЛОН ПРОГРАММÆ *Уæлæмхасæн газификаци*
3 РОХÆН ÆВГЪАУ *Сценæйыл цæргæ кодта...*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Уæззау атлетикæ*

**Фембæлд**

# Æппæтвæрсыг æмгуыстады нысантæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты уæрæсейаг ассоциацийы æххæстгæнæг директор Дмитрий АФАНАСЬЕВИМÆ.**

Ныхасы архайджытæ æрдзырдтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æппæтвæрсыг паддзахадон æххуысы мадзæлттыл, стæй, æмткæй райсгæйæ, ассоциаци æмæ республикæйы 'хсæн æмархайд фенгомдæр кæнынил.

Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй хицаудзинады оргæнты æрвылбоны куысты ахадгæ цæстдард ис гæрзифтонг быцæуы архайджытæ æмæ сæ бинонты тыхстаг фарстатæм – медицинон лæггæдтæ æмæ социалон реабилитаци, профессион цæттæдзинады ахуыртæ æмæ ветерантæн куысты бынæттæ дæттын...

Республикæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, регионы æххæстгонд цæуынц сæрмагонд æфсæддон операцийы раздæры архайджытыл аудынады ахырадон æмæ профессион цæттæдзинады цалдæр программæйы.

Уыдонæй иу у федералон программæ «Хъæбатырты рæстæг»-ы халдих – республикон проект «Æхсарджын Ирыстон». Уыцы программæйы фæрцы раздæры хæстонтæн арæзт цæуынц профессион ахуырады методикон æмæ практикон семинартæ æмæ æндæр ахæм мадзæлттæ. Программæйы фæткыл ахуырад æнтыстджынæй чи ахицæн кæна, уыцы адæмæн фæстæдæр куысты бынæттæ уыдзæн хицаудзинады регионалон æмæ муниципалон оргæнты, стæй æхсæнадон иугæндты...

Иннæ проект – сæрмагонд æфсæддон операцийы раздæры архайджыты нымæцæй хæстон-патриотон хъомылады фарстаты фæдыл ахуырадон кусæндæтты директорты уынаффæгæнджыты бацæттæ кæнын. Уыцы проект дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, ахъаз уыдзæн ветерантæн куысты бынæттæ дæттынæн, стæй сын сæ фæлтæрддзинадæй рæзгæ фæлтæры ахуырад æмæ хъомылады хъуыддаджы аккаг хуызы спайда кæнынæн.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы хъæппæрисæй 2026 азы мартъийы та йæ тыхы бацыд рухстауæн проект «СВОя история». Ацы акцийыл комкоммæ бæрнон у æппæтуæрæсеон æхсæнад «Зонынад»-ы цæгатирыстойнаг хайад. Уыцы иугонды лектортæ æмæ эксперттæ хицаудзинады республикон оргæнты специалисттимæ иудадзыгон фæткыл араздзысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты лекцитæ, мастер-класстæ æмæ æндæр фембæлдтытæ скъоладзаутæ æмæ студенттимæ.

Фембæлды архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй хъомысджындæр кæны сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты уæрæсейаг ассоциацийы Цæгат Ирыстоны хайады архайд. Ныртæккæ регионалон хайады ис 3 мин уæнгæй фылдæр. Ассоциацийы бынæттон дæлхайæдтæ кусынц Алагиры, Рахизфарсы, Горæтгæрон æмæ Мæздæджы районты.

Дмитрий Афанасьевы ныхасмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны хицаудзинады регионалон æмæ муниципалон оргæнты æмвæзадыл æппæтвæрсыг куыст цæуы Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуысы хъуыддаджы.

Фембæлды архайæг уыд Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты уæрæсейаг ассоциацийы РЦИ-Аланийы хайады разамонæг **Магкæты Олег** дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Федерацийы Советæй**

# Зæххы фæрæзтæй – хæдзардзин пайда

**УФ-йы Федерацийы Советы цы 'мбырд уыд, уым ныхас рауад ног федералон закъæтты проектты тыххæй.**

Сенаторты рæгъмæ цы закъонæвæрынадон хъæппæристæ рахастæуыд, уыдонæй иу баст уыд УФ-йы Зæххы кодексмæ ивддзинæдтæ бахæссыны проектимæ. Фарстайы фæдыл ныны фæтк. Сæрмагонд æргом дзы здæхт цæуы федералон исбонады зæххытæ регионалон кæнæ муниципалон æмвæзадмæ дæттыны фарстамæ. «Регионты социалон-экономи-зæххы фондæй регионæн рахай кæныны тыххæй. Ног закъоны проект бабæстон кæндзæн уыцы зæххытæ дæттыны фæтк. Уыимæ, регионтæн æнцондæр уыдзæн фарстайыл бакусын», – бафиппайдта Виталий Назаренко.



доклад скодта Федерацийы Советы уæнг Цæгат Ирыстонæй **Виталий Назаренко.**

Сенаторы ныхасмæ гæсгæ, ног закъоны проект бæлвырддæр кæны зæххы фæрæзтæй пайда кæкон райрæзтыл кусгæйæ, арæх бахъæуы уæлæмхасæн зæххы участоктæ. Уыцы фарстатæ алыг кæныны куыст ис федералон ведомствæты бæрны. Уыдон рахæссынц уынаффæ иу кæнæ иннæ федералон

Сенатортæ закъоны проект хорзыл банымадтой. Ныр æм Федерацийы Совет æркæсдзæн йæ радон пленарон æмбырды.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ, УФ-йы сенаторы æххуысгæнæг**

**Æппæтуæрæсеон зиу**

# Горæттæ æмæ хъæуты фæлгонцадæн

**Ацы бонты уæрæсейаг регионты æххæстгонд цæуынц санитарон сыгъдæгдзинад æмæ фæлгонцады къуырийы мадзæлттæ. Дзыллон зиуты архайынц Цæгат Ирыстоны горæттæ æмæ хъæуты цæрджытæ дæр.**



Зæгъæм, Дзæуджыхъæуы администрацийы хъæппæрисæй горæтæгтæ бафснайдтой бирæ æхсæнадон бынæттæ. Фæскомцæдисон парк, Афгайнаг сквер, галуан «Металлург»-ы алыварс фæзуат... Ацы æмæ иннæ æхсæнадон тæлмытæ ногæй сæ хуыз скалдтой.

Горæты администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеславы** разамындæй зиумæ рацыдысты муниципалитеты кусджытæ. Сæ фарсмæ 'рбалæууыдысты фæсивæд, алы организациты минæвæрттæ... Сæрмагонд службæтæ зиууæттæн æххуысæн радих кодтой экскаватортæ, уæзласæн хæдтулгætæ æмæ æндæр техникæ.

Горæты администрацийы куыд фехъусын кодтой, афтæмæй сыгъдæгдзинады ахæм мадзæлттæ араздзысты дарддæр дæр.

**Нæ уацхæссæг**

**Къамисы æмбырдæй**

# Продукцийы æнæзакъон зилдухы ныхмæ...

**Уыд РЦИ-Аланийы Промышленнон продукцийы æнæзакъон зилдухы ныхмæ архайды республикон къамисы радон æмбырд. Регионы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй æмбырды архайджытæ бахыгътой 2025 азы куысты бæрæггæнæнтæ, стæй рæгъмæ рахастой хæстæгдæр рæстæджы архайды фыццаградон нысантæ.**

Фембæлды архайдтой Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, республикон министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, цæстдарæг æмæ барадхъахъхъæнæг структурæты бæрнон кусджытæ.

Æмбырды райдайæны Сергей Меняйло сæрмагондæй фæбæрæг кодта къамисы куысты ахадындзинад базармæ хæрзхъæд промышленнон æмæ хъæууонхæдзарадон продукци æрвитыны хъуыддаджы. «Рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй къаддæр нæ кæнынц промышленнон æмæ хъæууонхæдзарадон продукцийы æнæзакъон зилдухы фæлтæрæнтæ, фарста домы иудадзыгон бæстон цæстдард. Иуæй, тæссаг у, цауд товартæ базартæм бирæгæйттæй куы ласой, уымæй. Иннæмæй та бюджеты æфтиагтæ дæр кадавардæр кæндзысты», – бафиппайдта регионы Сæргълæууæг.

Ивгъуыд азы дæргъы къамисы уынаффæтæ æххæст кæнынил цы архайд цыд, ацы азы райдайæны фыццаградон æргом цы фарстатæм здæхт цæуы, уый тыххæй дзуаппон докладтæ скодтой цæстдарæг ведомствæты разамонджытæ.

Афтæ, федералон агентад «Росздравнадзор»-ы республикон управленийы хицау **Ольга Давыдовайы** хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 2025 азы дæргъы ведомствæ сарæзта 794 контролон-цæстдарæн мадзалы. Цауд хостæ æмæ æндæр медицинон товартæ уæй кæныны цаутæ нæ рабæрæг. Уыимæ, ведомствæ алы организациты разамонджытæн ратта 586 амынддзинады, цæмæй æвæстиатæй иуварсгонд æрцæуой техникон ифтонгдзинады иуæй-иу æгъдаухæлдтытæ.

Æдасдзинады домæнтæн дзуапп цы промышленнон æмæ хъæууонхæдзарадон продукци нæ дæтты, уый иртасыны фæдыл цы цæстдарæн архайд цæуы, уый фæдыл уыд йæ доклад федералон агентад «Роспотребнадзор»-ы республикон управлени **Тыбылты Аланæн** дæр. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ивгъуыд азы (стæй ныр дæр) управленийы специалисттæ фыццаградон æргом здæхтой, рæвдауæндæттæ, скъолатæ, рынчындæттæ æмæ иннæ социалон кусæндæттæм цы хойраг æмæ æндæр продукции ласт цыд, уый хæрзхъæддзинадмæ. Азы дæргъы алыхуызон административон æгъдаухæлдтыты фæдыл сарæзтæуыд 161 суагъæйы.

Ахæм фæткыл уыдысты æндæр цæстдарæг ведомствæты разамонджыты докладтæ дæр.

Æмбырдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Сергей Меняйло боны фæткы фарстаты фæдыл сæрмагонд амынддзинæдтæ ратта профилон министрадтæ æмæ ведомствæты бæрнон кусджытæн.



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

## Дзырды фарн

*... царды хабæрттæ тынг даргъ сты.*

МАМСЫРАТЫ Дæбе

**Федералон программæтæ**

# Уæлæмхасæн газификацийы фæрцы...

**Компани «Газпром» æмæ парти «Иугонд Уæрæсе»-йы бæрнон кусджытæн цы фембæлд уыд, уым ныхас рауад бæстæйы регионты уæлæмхасæн газификацийы федералон проектыл, стæй партийы адæмон программæйы уагæвæрдтæ æххæст кæныныл.**




«Иугонд Уæрæсе»-йы Генералон советы нымæрдар, УФ-йы Федерацийы Советы Сæрдары хæдивæг **Владимир Якушев**, акционерон æхсæнад «Газпром»-ы правленийы уæнг **Владимир Марков** æмæ æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Газпром межрегионгаз»-ы генералон директор **Сергей Густов** куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй, Президент **Владимир Путины** амынддзинæдтæ æххæст кæнгæйæ, бирæ уæрæсейаг регионты ахадгæ куыст цæуы цæрæн хæдзæртты уæлæмхасæн газификацийыл.

Уыцы куыстыл комкоммæ бæрнон ведомствæты минæвæртты хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ныртæккæ газификацийы рæстæмбис къæпхæн схæццæ 75 процентмæ. Уыимæ, 2030 азы онг æвгъуыз артаг хъуамæ бахæццæ уа, хæтæлтæ техникон æгъдауæй бауадзæн кæдæм ис, æппæт уыцы бынæттæм. Иу ныхасæй, 2030 азы онг газы хæтæлтæм хъуамæ баиу кæной 1,6 милуан хи хæдзар æмæ æнæкоммерцион æмбаладты участоктæ, 2036 азмæ та уыцы бæрæггæнæн хъуамæ схæццæ уа 3 милуанмæ.

Фембæлды архайджытæ сæрмагондæй æрдзырдтой, уæлæмхасæн газификацийы программæйы фæрцы паддзахадон субсидитæ лæвæрд кæмæн цæуынц, социалон æгъдауæй æххуысхъуаг адæмы уыцы къордты минæвæртты курдиæттыл. Зындгонд куыд у, афтæмæй Владимир Путины амынддзинадмæ гæсгæ, хæдзармæ газ бауадзыны куыстытæ æххæст кæнгæйæ, адæмы цалдæр къордæн паддзахадон субсидийы хуызы лæвæрд цæуы фæйнæ 100 мин сомы. Уыцы льготон къордтæм æрæджы хаст æрцыдысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæ дæр. Уыимæ, æхцайы паддзахадон компенсаци кæмæн æмбæлы, уыцы адæмæн ис субсиди хи фæндонмæ гæсгæ схардз кæныны фадат (зæгъæм, хæтæлтæ, пец, нымайæн æмæ æндæр техникон фæрæзтæ балхæнын).

«Уæлæмхасæн газификацийы программæ комкоммæ ахады милуангай адæмы фæрныгдæр цардыл. Хи хæдзæрттæ æмæ æнæкоммерцион æмбаладты участоктæм газы хæтæлтæ уадзыны фарстатæ сæ бынат ссардтой «Иугонд Уæрæсе»-йы адæмон программæйы дæр. Æппæт уыцы фарстатыл æмхъаруйæ кусæм партийы минæвæрттимæ. Ныфс мæ ис, æппæт нысантæ дæр къухы кæй бафтдзысты, уымæй», – фембæлдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, бафиппайдта Сергей Густов.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Нæ медицинон къæлиндар**

# Кусæг æнæниз куы уа...

**Ацы бонтæ – 27 апрелæй 3 маймæ – медицинон къæлиндармæ гæсгæ нымад сты кусæг адæмæн се 'нæниздзинад фидардæр кæныны къуырийыл.**



Адæймаг йæ фылдæр рæстæг æрвиты куысты. Æмæ, йæ куысты бынаты уæвгæйæ, йæхи куыд æнкъары, уымæй аразгæ у йæ царды нывылдзинад æнæхъæнæй дæр. Ацы фарстайы цы иртасæнтæ арæзт æрцыд, уыдон равдыстой, æнæниздзинад фидар кæныны программæтæ æмæ низты профилактикон мадзæлттæ куысты рæстæг æххæст кæнын хорзырдæм кæй ахадынц адæймаджы æнæниздзинадыл, уый. Уымæй уæлдай, финансон æгъдауæй пайда сты куыстдæттæгæн дæр: йæ кусæг æнæниз куы уа, уæд уымæн дæр йæ медицинон æмæ социалон æххуысы хæрдзтæ уыдзысты къаддæр. Æмæ æнæниз æмæ куыстхъом кусæг та кæй нæ хъæуы!

Низтæ ма 'руадзыны профилактикон мадзæлттæм зивæг кæнын нæ хъæуы. Фыццаджыдæр, архайут куысты рæстæгæй иу-дыууæ минуты радих кæнын æртæфондз физикон фæлтæрæны скæнынæн.

Рохгæнинаг нæу, цæстыты дæр кæй хъæуы гимнастикæ. Ацы хъуыддаг уæлдай ахсджиаг у, йæ куысты фылдæр рæстæг компьютеры раз чи æрвиты, уыдонæн.

Хæрут уыцы-иу афоныл, стæй хойраджы хæрзхъæддзинадмæ дæр цæст дарут. Фылдæр пайда кæнут дыргътæй, халсартæй, клетчаткæйæ хъæздыг хойрагæй æмæ, организм йæхимæ тагъд нæ, фæлæ сындæггай кæй «исы», ахæм углеводтæй.

Къух сисут æвзæр ахуыртыл: зæгъæм, карз нозт адæймагæн йæ куыстхъомдзинад къаддæр кæны 16-17 процентæй. Стæй йæ аххосæй адæймаг йæ куыстæй тагъд фæллайы.

Куысты мидæг кусджыты 'хсæн ахастытæ нывыл цæмæй уой, ууыл дæр хъæуы архайын æмæ тырнын сæ бахъахъхъæнынмæ.

Æрвылазон диспансеризаци цæуынмæ зивæг ма кæнут. Адæймагæй æппындæр куы ницы рисса æмæ йе 'нæниздзинадæй хъаст куы нæ кæна, уæддæр дохтырмæ нæ цæуынæн уый æфсон нæу. Уымæн æмæ диспансеризаци æмæ профилактикон медицинон æркастыты фæрцы ис алыхуызон низтæ сæ райдайæны базонын.

Рох уæ ма уæд: уе 'нæниздзинад уæхи къухты ис.

Уæхи хъахъхъæнут æмæ æнæниз ут!

**Æхсæнадон æнæниздзинад æмæ медицинон профилактикæйы республикон центр**

**Æппæтуæрæсеон конференци**

# Фæрныгдæр фидæны сæраппонд




**Ацы бонты Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты йæ куыст кодта, физикон културæ æмæ спорты дарддæры райрæзтыл бæстон ныхас кæм рауад, уыцы æппæтуæрæсеон наукон-практикон конференци.**

Форумы архайæг уыдысты 300 адæймагæй фылдæр: физикон культурæ æмæ спорты къабазы кусæг специалисттæ, ахуыргæндтæ, эксперттæ, хицаудзинады оргæнтæ æмæ дзыллон информацийы фæрæзты минæвæрттæ (конференцийы мадзæлтты иу хай арæзт æрцыд онлайн-фæткы быңдурыл).

Конференцийы пленарон æмбырды архайдтой æмæ раныхас кодтой ЦИПУ-йы ректор **Огъуаты Алан**, Цæгат Ирыстоны физикон культурæ æмæ спорты министр **Фрайты Сослан**, ЦИПУ-йы физикон культурæ æмæ спорты факультеты декан **Дмитрий Карасев,** Рæстæрхонады уæрæсейаг паддзахадон университеты физикон культурæ æмæ спорты кафедрæйы разамонæг, педагогон наукæты кандидат **Николай Тычинин**, дзюдойæ олимпиаг чемпион **Тменаты Тамерлан**, уæгъдибар хъæбысхæстæй олимпиаг чемпион **Сидахъаты Зауырбег**, стæй иннæ зындгонд спортсментæ æмæ схуыхт тренертæ...

Огъуаты Алан йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй конференцийы фæзуаты хорз фадæттæ ис физикон культурæ æмæ спорты дарддæры райрæзтыл æрдзурынæн, уыимæ, къабазы ног наукон-методикон программæтæн æрвылбоны цардмæ уæрæх фæндаг дæттынæн. Огъуайы-фырт арфæйы сæрмагонд ныхæстæ загъта, студентты спорты дарддæры райрæзтыл чи кусы, уыцы специалистты номыл.

«Æхсæнад æмæ паддзахады царды уæлдай ахсджиаг нысаниуæг ис физикон культурæ æмæ спортæн. Нæхи университеты кой куы кæнон, уæд, фыццаджыдæр, фæбæрæг кæндзынæн, спорты къабазæн дæсны специалисттæ цæттæ кæнынæй уæлдай, махæн вазыгджын кæй у студентты спорты дарддæры райрæзтæн ахадгæ мадзæлттæ аразын дæр. Амынд фарстатыл ЦИПУ-йы специалисттæ бæрнонæй кусынц, фæсивæды спорты æнтыстдзинæдтæн хорз бындур æвæрынц. Нæ конференци арæзт цæуы Уæрæсейы адæмты иудзинады азы. Æмæ спортæй тынгдæр адæмты æнгомдзинад æмæ хæлардзинадæн цы ахъаз кæны? Уый фæрцы фидардæр кæнынц алы адæмыхæттыты иудзинад, æрыгон фæлтæрты зæрдæзæгъгæ ахастдзинæдтæ», – загъта ректор.

Фрайты Сослан йæ раныхасы сæрмагондæй фæбæрæг кодта, физикон культурæ æмæ спорты къабазæн дæсны специалисттæ цæттæ кæныны хъуыддаджы ЦИПУ-йæн стыр ахадындзинад кæй ис, уый. «Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет схонæн ис, æппæт бæстæйæн дæр ном чи кæны, уыцы зындгонд тренертæ æмæ спортсменты куырдадз. Университеты разамынд сæрмагонд мадзæлттæ аразы, цæмæй æрыгон курдиатджын спортсментæн уа фадат сæ архайд профессион спорты адарддæр кæнынæн. Æмæ, рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй уыцы аудæн мадзæлттæ хъуыддагыл хорзырдæм ахадынц», – бафиппайдта спорты министр.

Пленарон æмбырды докладты фæстæ конференцийы архайджытæ сæ куыст адарддæр кодтой секциты хуызы. Бынат дзы уыд бирæ ахсджиаг фарстатæн: физикон хъомылады ног методикæтæ ахуырадон кусæндæтты, тренерты куысты инновацитæ, къабазæн кадртæ цæттæ кæнын æмæ афтæ дарддæр. Конференцийы архайджыты амынддзинæдтæ æмæ хатдзæгтæ мыхуыргонд æрцæуыдзысты сæрмагонд методикон æмбырдгонды хуызы. Уыцы æрмæджытæ, æнæмæнг, фæахъаз уыдзысты физикон культурæ æмæ спорты къабазы кусæг тренертæ æмæ иннæ специалистты профессион дæсныдзинад бæрзонддæр кæнынæн, спорты иумæйаг райрæзтæн...

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

## Æнæмæлгæ полкъ





ДЖЫГКАЙТЫ Аврам (Дзына)



ДЖЫГКАЙТЫ Сергей



ДЖЫГКАЙТЫ Чермен



ЛОККАТЫ Владимир



ДАРЧИТЫ Давид



ДЗИУАТЫ Будти



ЦОГОЙТЫ Георги



КЪУБАЛТЫ Алимырзæ



КЪУБАЛТЫ Ибрагим



КЪУБАЛТЫ Измаил



КЪУБАЛТЫ Рамазан



КЪУБАЛТЫ Тæтæрхъан

Рохæн æвгъау

# Сценæйы цæргæ кодта...

**Ирон театры актер ЦÆРÆКТЫ Олегыл 29 апрелы хъуамæ сæххæст уыдаид 70 азы. О, фæлæ йыл хъысмæт комдзог рацыд, æмæ 2000 азы зымæджы цыппурсы 13-æм бон йæ уатæй нал рацыд йæ бинонтæм, саудалынг бæстæ йæ йæ уæлион царды хъæбысæй ратыдта æмæ йæ йæ фæдыл асайдта. Цæхæркалгæ стъалы уæларвæй ратахт æмæ æнусы фæлмы анығъуылд...**



Хæрзсабийæ бауарзта Олег театралон аивад. Хъарманы хъæууон скъола каст фæуыны фæстæ бацыди Ирон театры студимæ, ацахуыр дзы кодта иу аз, стæй йæ дæсныйад уæлдæр кæнынмæ ацыд Уæрæсемæ. 1978 азы Олег ссис Ярославлы горæты Волковы номыл театралон училищæйы студент. 1983 азы йæ æнтыстджынæй каст фæци, æмæ йын лæвæрд æрцыд, йæ сæнтты кæмæ бæллыд, артисты уыцы бæллиццаг ном.

Йæ дипломон спектакль «Орфей спускается в ад»-ы афтæ дæсны ахъазыд, æмæ йын паддзахадон къамис «дæсныдзинад»-æй сæвæрдта иттæг хорз бæрæггæнæн. Ахæм аргъ ын скодтой иннæ предмет – сценикон архайды тыххæй дæр. Уыцы къамисы уынаффæмæ гæсгæ Цæрæкы-фырты арвыстой Саратовы драмон театрмæ, фæлæ йæ сабибонтæй фæстæмæ ирон сценæмæ тырныдта. Таутиаты Солæман, Тæбæхсæуты Бало, Хъалæгаты Федя, Хуырымты Уырызмæг аивады цырæгътæ цы сценæйы ссыгътой, уыцы рухс кувæндонмæ.

Не Сфæлдисæг Стыр Хуыцау ницы бавгъау кодта Цæрæкы-фыртæн: уынд, конд, стыр æрдзон курдиат, рæсугъд уарзæгой удыхъæд. Цæрæкты Олег 1983 азы йæ фыццаг къахдзæфтæ акодта Ирон театры Хæмыцаты Цæрайы пьесæ «Сау бæлас»-ы. Ирон театры сценæйы аккаг бынат ссардта йе 'рттивгæ курдиат. Уый тыххæй дзы зындгонд поэт, драматург **Чеджемты Геор** мæнæ афтæ загъта: «Олег, æцæгæйдæр, стъалыйау, ферттывта. Мæнæ цыма Ирон театры сценæйæн æрвыст уыди Хуыцауæй – цыдæр мидрухс кодта. Йæ цæстæнгас, йæ хъæлæсыуаг, йæ фезмæлд – алцыдæр цыди театрдзауты зæрдæмæ».

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй ирон театрдзау Оледжы фыццаг хатт федта спектакль «Сау бæлас»-ы, Мараты ролы. Афтæ аив, рæсугъд æмæ дæсны дзы ахъазыд – уæвгæ, дзырд «хъазын» Олегмæ нæ хауы. Уый сценæйы цæргæ кодта – сæйраг роль уа, эпизод уа, уæддæр-иу сарæзта æнæферохгæнгæ сурæттæ. Бауарзтой йын театрдзаутæ йæ аив ныхасыхъæд, йæ фезмæлд, йе уæнгты ахаст, рог къахдзæф, йæ фæлмæн мидбылхудт, уæлдайдæр та сценæйæ йе стыр сау цæстыты ферттывд.

Фæлæ, куыд фæзæгъынц, уæлæрвтæ куыд рæдау сты Иры бæстæн курдиат раттынмæ, афтæ сты карз дæр... Стъалы ферттывта... Стъалы атахт... Æмæ йæ рухс тæмæнтæ цæрæнбонты баззадысты, ирон театралон аивад зынаргъ кæмæндæриддæр уыди, уыдоны зæрдæты. Олегæн рæсугъд фидæн уыд, бæргæ ма нын бирæ æхсызгон изæртæ куы балæвар кодтаид. Уый рахонæн уыд Хъалæгаты Федя æмæ Хуырымты Уырызмæджы театралон кæстæр æфсымæр. Уымæн æмæ, уыдон цы романтикон аивады æхсидав ссыгътой, уый нoджы бæрзонддæр æмвæзадмæ, æнæмæнг, систаид Цæрæкты Олег. Цæй хъал уыди йæ мад йæ артист фыртæй, йæ уындæй кæмæн нæ бафсæст, йæ уыцы хъæбулæй!

Театры, йæ ныфсджын æмæ оригиналон сценикон нывтæй хъуыстгонд режиссер æмæ актер **Гæлæуты Анатоли** йæ уынаг æмæ зонаг цæст уайтагъд æрæвæрдта Олегыл. Ам æнæ зæгъгæ нæй, Гæлæуы-фырт йæхи кæй цæттæ кодта сценæйы Шиллеры зындгонд пьесæ «Уарзт æмæ фыдæх» æрæвæрынмæ. Катайы бацыд æмæ агурын райдыдта, Фердинанды ролы чи ахъазыдаид, ахæм лæппу. Уый æнхъæл чи уыди, æмæ Олегæн бахæс кæндзæн ахæм вазыгджын роль. Кæд артисттæ дис кодтой, æрыгон æвæлтæрд актерæн куыд ис ахæм ахсджиаг хæс бабар кæнæн, зæгъгæ, уæддæр дызæрдыг нæ кодта, Олег у цæхæркалгæ курдиаты хицау, театралон аивады æвæджиауы дæсны минæвар, Анатоли йæ куырыхон зондæй бамбæрста æмæ бауæндыд, Цæрæкы-фырт ын йе 'ууæнк кæй нæ фæмынæг кæндзæн, ууыл.

Спектаклы архайдтой театры номдзыддæр актертæ Икъаты Мæирбег, Годжыцаты Исахъ, Хъантемыраты Терезæ. Ирон театры уыдоны æмрæнхъ чи 'рлæууыди, уый уыди уыцы сценæйы цыкурайы фæрдыг Цæрæкты Олег. Фердинанды роль афтæ зæрдæмæдзæугæ рауад, æмæ айдагъ ацы фæлгонц куы сарæзтаид сценæйы, уæддæр уый æгъгъæд уыд, цæмæй театры дæсныты æхсæн аккаг бынат ссара.

Ирон театрдзаутæн Цæрæкты Олег сси сæ уарзон актертæй иу. Бирæтæ сæрмагондæй цыдысты театрмæ хъазтмæ бакæсынмæ. Фæстæдæр Цæрæкы-фырт спектакль «Ныййарæджы кадæг»-ы Кадийы кæстæр фырт Чермены ролы куы хъазыд, уæд-иу йæ мад загъта: «Кади мын мæ лæппуйы йæхи бакодта». Æхсызгон та-иу ын куыд нæ уыди! Уæвгæ, Олег уæлдай бузныг йæ ныййарæг мадæй уыд, зæрдæбынæй йæ кæй æмбæрста æмæ йын йæ алы сурæтыл дæр цин кæй кодта, уый фæдыл.

Цымыдисаг та куыд нæ у, Олег Чермены ролы фыццаг хатт куыд ахъазыд, уый. Цыбыр дзырдæй, ацы спектаклы райдайæнмæ ма баззад чысыл рæстæг, афтæмæй рабæрæг – Гуыбиаты Хъазыбег-Чермен фæрынчын æмæ куыстмæ не 'рбацæудзæн. Уæдмæ адæм къордтæ-къордтæй цыдысты, æмæ театры зал йæ тæккæ дзаг баци. Режиссер катайы бацыд, цы чындæуа, зæгъгæ. Уæд ын Олег афтæ зæгъы:

– Æз ахъаздзынæн Хъазыбеджы бæсты, тексты ныхæстæ кæрæй-кæронмæ зонын.

Цы гæнæн ма йын уыди, сразы режиссер.

Олег афтæ хорз ахъазыд Чермены ролы, æмæ уæдæй фæстæмæ йæ репертуары сси йæ уарзондæр куыст, раст æй цыма Хуыбецты Раисæ сæрмагондæй уымæн ныффыста.

Цæмæндæр мæм афтæ кæсы, æмæ ацы бастдзинад – Кади – Беккуызарты Орзетæ æмæ йæ кæстæр фырт Чермен – Цæрæкты Олег – афтæ фæрæстмæ, æмæ ма абон дæр театрдзаутæ уыцы спектакль нымайынц театры сыгъзæрин фонды æвæрæнтæй иуыл. Оледжы уæдæй фæстæмæ хонгæ дæр кодтой Чермен.

Бирæ ног театралон уæлахизтæм æнхъæлмæ каст Цæрæкты Олег, фæлæ йын æгъатыр мæлæт йæ бæллицты цæг арæмыгъта, æмæ фæрдгуыты хал ныззылæнтæ. Йæ æвæджиауы курдиаты гæнæнтæ, хъыгагæн, кадавар разындысты. Олег, æцæгæйдæр, ныууагъта Ирæн цæссыгтæ, нуарджын дзырд æмæ цырт. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, цард ууыл нæ фæвæййы. Атахт Иры урс бæрзæндтыл бæрæг не 'хсæнæй æмæ йæ фæстæ ныууагъта арф фæд.

Зындгонд ирон поэт Кокайты Тотрадз йæ зæрдæмæ тынг хæстæг айста Оледжы хъысмæт, æмæ йæ уды хъыгтæй райгуырд зарæг.

## Цæрæкты Оледжы зарæг

*Фыдохы бæлас, фыдбоны бæлас,*
*Фыдбоны бæлас – уарзты æвдисæн, гьей!*
*Уый дæр ма, мæ бон, уалдзæджы хурбон,*
*Уалдзæджы хурбон йæ саутæ systa.*

*Куыд тынг мæ фæндыд Ирон театры,*
*Ирон театры цырагъау судзын.*
*Ныр дæр ма, мæ бон, бæрæг рухс дары,*
*Бæрæг рухс дары мæ уаты рудзынг.*

*Нæргæ æхсæрдзæн сау хохы фахсыл, ой,*
*Сау хохы фахсыл æртæхгай батад.*
*Мæ царды мæсыг, æллæх мæ боныл,*
*Æллæх мæ боныл, æнæнхъæл ракалд.*

*Сылтаныхъы та æрцæуудзæн иу бон, ой,*
*Æрцæуудзæн иу бон æнæмæнг уалдзæг, ой.*
*Æз та, мæ боныл, мæ буц хъæбулы,ой,*
*Мæ буц хъæбулы кæугæйæ уадзын, ой.*

*Мæ цыртдзæвæныл мæ бинонты арм, ой,*
*Мæ бинонты арм æрвылбон хатын, ой.*
*Ныххатыр кæнут, фылдæр кæй уарзтон, ой.*
*Фылдæр кæй уарзтон мæ зынаргъ мады, ой.*

*Нырæй фæстæмæ йæ фæлмæн хъæбыс, ой.*
*Йæ фæлмæн хъæбыс уыдзæн мæ авдæн, ой*
*Дзæнæты дæр та лæууын цырагъау,*
*Лæууын цырагъау йæ номы кадæн, ой!*
*О цардхъуаг кæстæр – Цæрæкты Олег –*
*Нæ Ирон театр цæрдзæн æнæ дæу.*

**ЧЕРЧЕСТЫ Хъазыбег**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Рæвдыд нæ зонынц...

**Цытджын Уæлахизы бон куы 'рбацæйхæццæ кæны, уæд та, хæсты сывæллæттæ кæй хонынц, уыдонæн сæ маст сног вæййы. Æз дæр уыцы фæлтæры минæвар дæн. Куыд зонæм, афтæмæй хæсты сывæллæттыл нымад цæуынц, Уæрæсейы граждæнтæй 1928 азы 22 июнæй 1945 азы 3 сентябрмæ чи райгуырд, уыдон.**

Абон, уыцы къордмæ чи хауы, уыдон, иуæй-иу статистиктæ куыд зæгъынц, афтæмæй сты 12 милуан адæймаджы. Хъыгагæн, сæ фылдæр хай нæ паддзахады 'рдыгæй ницы рæвдыд зонынц. Закъоны иугæйттæй йеддæмæ, се 'цæг дунемæ ацыдысты. 2025 азы райдайæны Уæрæсейы Хихъахъхъæнынады министр Андрей Белоусов фехъусын кодта, æдæппæтæй ма 7 мин фронтовикы кæй сты æгас, нæй хай кодтой мах хуызæн сидзæртæн. Фæлæ паддзахад дæр хæсджын у хæсты сывæллæттæй. Фарста къорд хатты систой Паддзахадон Думæйы, коммунисттæ æмæ социал-демократты фракцитæ домынц, цæмæй закъон ист æрцæуа æппæт Уæрæсейы фæзуатыл, фæлæ сæм хъусæг нæй.

Дзуринæгтæ бирæ сты. Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй хæсты ветеранты нымæц бирæ нал



быдурыл статус «Хæсты сывæллæттæ» фидаргонд æрцыд æрмæстдæр 22 регионы, уыдонимæ – Алтайы край, Ленинграды, Астраханы, Новосибирскы, Омскы, Оренбурджы облæстты. Уымыты дæр бынæттон хицауад, сæ къух куыд амоны, афтæ сын сæ пенситы уæлæмхасæн дæттынц 400 сомæй иу мин сомы бæрц. Кæцыдæр регионты сын ис льготæтæ æхсæнадон транспорты цæуынмæ, цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæ фидынмæ...

Мах Ирыстон хауы, льготæты статус фидаргонд кæм нæу, уыцы регионтæм. Хæсты ветерантæ, уæдæй нырмæ дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, ноджы фæкъаддæр сты. Уæдæ мах дæр, хæсты сывæллæттæ, бонæй-бонмæ æрыгондæр нæ кæнæм. Нæ сабибонты цы бирæ мæгуырбонтæ æмæ хъизæмæрттæ бавзæрстам, уыдон ныл æнæзынгæ нæ фесты. Махæн нæ фыд Агънаты Сæхæм хæсты фæмард, æз ын йæ цæсгом дæр никæд федтон. Æртæ уыдыстæм, æмæ нæ нæ мад Заретæ тынг зынтæй схъомыл кодта, тыхгуыст фæкодта æмæ 72-аздзыдæй амард. Уæд адæм кæрæдзийы уарзтой, æмæ сæм цы мæгуыр муртæ уыди, уыдоу. Мæнмæ гæсгæ, рæдыд нæ уаид, цы æххуысы мадзæлттæ сын уыд паддзахады 'рдыгæй, уыдоны иу хайæ хæсты сывæллæтты куы схорзæхджын кæниккой, уæд... Алы бон нын дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ хъусын кæнынц, алы къæпхæны чиновниктæ милуантæй нæ, фæлæ миллиардтæй кæй давынц, уый тыххæй. Æрмæст хæсты сывæллæтты, сидзæрты зæрдæ иу уæлдай капеккæй балхæнынæн фæрæзтæ нæй нæ хъæздыг паддзахады...

**ГЕГАТЫ Ленæ,**
**Къора-Урсдон**

Хъæбатырты мысгæйæ

# Хæстмæ ацыд æвддæсаздзыдæй

**Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд елхотаг мæ баба – ДЗГОЙТЫ Алексейы фырт Исламыл цыди æдæппæт 17 азы. Фæлæ уæддæр йæхи ныффыссын кодта нæ хæцæг æфсады рæнхъыты. Бирæ вазыгджын цауты бахаудта уый фæстæ æрыгон хæстон.**

1941 азы июны хъахъхъæдта Ленинград, 448-æм æхсæг полчъы уæвгæйæ. 1942 азы та сси танктæ куынæггæнæг 556-æм хицæн артиллерион полчъы æфсæддон. Йæ хæстæ æххæст кæнынмæ рæвдз кæй арæхстис, хорз сæ кæй базыдта, уый тыххæй йын бабар кодтой Фыццаг гвардион æхсæг 160-æм полчъы сармадзанæй æхсджытæн разамынд дæттын.

Хæцгæ рауади Исламæн Курск æмæ Орелы къæлæты уæззау тохы дæр, йæ сармадзанты рæстдзæвин цæфтæй дзæвгар знаджы танктæ ныппырх кодта. Уыцы тохы фæстæ Исламæн саккаг кодтой Хæстон Сырх Тырысайы орден, фæстæдæр та ма йæ фæтæн риуыл сæрттывтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты I къæпхæны орден æмæ 15 хæстон майданы.



Хæсты хабæртты кæронмæ фæци, Белоруссийы 3-аг фронтмæ чи хаудта, уыцы зындгонд Мæскуыйаг-Минскаг дивизийы.

Райгуырæн Ирыстонмæ уæлахизимæ сыздæхгæйæ, Ислам бавнæлдта кусынмæ, фыццаг – милицæйы, фæстæдæр та – Елхоты æфсæнвæндаджы станцæйы парторгæй. 1951 азы йæ амонд ссардта мæ нана – Дзусаты Таняимæ. Цардысты æмзонд, æмхъаруйæ, сарæзтой хорз хæдзар, схъомыл кодтой цыппар сывæллоны, ахуырыл сæ бафтыдтой.

Ислам йæ хорз куысты тыххæй бирæ хæттыты райста арфæтæ æмæ зынаргъ лæвæрттæ станцæйы хицауадæй. Хъæубæсты мидæг уыдис нымад, зыдтой йæ хæларзæрдæ, дзырддзæугæ адæймагæй.

Мæ баба йæ цардæй ахицæн 1992 азы, уыдис рынчын, стæй йыл хæсты уæззау фæлварæнтæ æмæ зындзинæдтæ дæр куыд нæ фæбæрæг сты. Фæлæ кæддæриддæр мæ зæрды уыдзæн, никуы йæ ферох кæндзынæн.

**КАСАТЫ Аланæ**

# Мæ хорз сыхæгтæ

**Сыхагæй дæ амонд куы фæуа, уæд уый царды стырдæр хорздзинæдтæй иу у. Ахæм амондæй æз дæр дзæвгар фæхайджын дæн. Цæрын Хуссайраг поселочы, цæуы мыл 90 азмæ 'ввахс, æмæ мæ мæ алыварс чи цæры, уыцы сыхæгты тыххæй зæгъын фæнды арфæйы ныхæстæ. Иууылдæр иттæг хорз сты, цæрынæй бафсæдæнт.**

Уынгмæ рацæугæйæ дзы искæуыл куы амбæлын, уæд æрлæууынц стырæй-чысылæй æмæ мыл бацин кæнынц. Зæронд адæймаджы лæгъз дзыхы дзырды йеддæмæ цы хъæуы. Уæ фарн бирæ, уыдис мын дыууæ фырты, хъыгагæн, æнафоны ацыдысты се 'цæг дунемæ. Хистæр, Славикæн, уыдис бирæ æрдхæрдтæ, се 'ппæт дæр сты хорз фæсивæд, дзæбæхæй мын цæрæнт. Фæлæ мæ сæрмагондæй бузныг зæгъын фæнды йе 'мбал, нæ сыхаг **Олисаты Витя** æмæ йæ цардæмбал **Ларисæйæн**. Уыдон мæ алы хатт бабæрæг кæнынц, афтид къухæй мæм никæд æрбацыдысты, фæлæ – лæвæрттимæ, фæлмæн, зæрдæлæууæн ныхæстимæ, уыдонæн ис хъæбултæ æмæ уыдоны хъæбултæ. Мæ зæрдæ сын зæгъы æнæниздзинад, бинонты амонд. Сæ дзыппы бæркад фылдæрæй-фылдæр куыд кæна, Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.

Дарддæр мæ фæнды мæ сыхæгтæ **Сарахъаты Тамик** æмæ йæ цардæмбал **Додойы** тыххæй арфæйы ныхæстæ ракæнын. Тамик диссаджы хирург уыдис, фæлæ, хъыгагæн, карз низы ахæсты фæци æмæ афæдзы размæ йе 'цæг дунемæ ацыд, фæлæ йæ хорздзинæдтæ рох не сты. Додо та нæхи поселочы амбулаторийы лæггад кæны адæмæн, уый дæр у медицинон кусæг. Уыдон дыууæйæ дæр, кæдфæнды сæм баулæф æххуысмæ, æмæ дæ цуры балæууыдаиккой æнæзивæгæй. Ныртæккæ ахæм медиктæ бирæ нæй. Додо, бирæ мын цæр æнæнизæй дæ уарзон хъæбултимæ æнæмастæй Хуыцауы фæндиаг.

Дарддæр куыд нæ загъон арфæтæ нæ сыхы фæсивæдæн, арæх фæцæуын горæтмæ, дохтыртæм, куы та базармæ, æмæ æрлæууæны куы фæлæууын, уæд бауромынц сæ хæдтулгæтæ, фæхæццæ мæ кæнынц бынатмæ. Уыдон сты **Олисаты Витя, Олисаты Олег, Сосранты Артур** æмæ йæ фырт, **Хайманты Эльбрусы** лæппу, се 'ппæты ранымайыны фадат нæй, фæлæ, уæлдæр куыд загътон, афтæ, нæ сых иууылдæр хорз сты, æнгом бинонтау цæрæм, нæ цин æмæ нæ хъыг дæр иу сты. Се'ппæтæн дæр иумæ арфæ кæнын, мæ зæрдæ сын зæгъы æнæниздзинад, бинонты амонд, алчидæр дзы лæгъз фæндæгтыл цæуæд. Фæстæмæ та иу дзæбæхæй сæ хæдзæрттыл куыд æмбæлой, Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.

**ДАТИТЫ Нинæ,**
**Хуссайраг поселок**

**Спортивон фидиуæг**



### Уæззау атлетикæ

# Европæйы чемпионатæй – æртæ хæрзиуæджы

**Гуырдзыстоны горæт Батумы ивгъуыд къуыри уæззау атлетикæйæ сбæрæг сты Европæйы тыхджындæр спортсментæ нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты ’хсæн. Ирыстоны уæззау атлетикæйы скъолайы минæвæрттæ чемпионаты рамбылдтой æртæ хæрзиуæджы.**

Сылгоймæгты чемпионаты Уæрæсейы спортивон кад хъахъхъæнджыты ’хсæн уыдысты Уæрæсейы сгуыхт тренер Золойты Хъазыбеджы хъомылгæнинаг, Уæрæсейы чемпионкæ Гусалты Зæринæ æмæ Соттиты Янæ (йæ тренер – Дзгойты Олег).



СОТТИТЫ Янæ

Гусалты Зæринæ, 69 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ, дыууæ хуызы систа 232 кг (105+127) æмæ бацахста 2-аг бынат.

86 кг онг уæзы 2-аг бынатмæ рацыд Соттиты Янæ дæр. Янæ дыууæ хуызы систа 247 кг (112+135).

Нæлгоймæгты ерысты уæззау уæзы (+110 кг) ерысты архайдта Наниты Тимур (йæ тренертæ – Наниты Руслан æмæ Алан). Тимур дыууæ хуызы равдыста 418 кг (191+227), афтæмæй ссис Европæйы чемпионаты 3-аг бынат бацахсæг.

Йæ уæзы Европæйы чемпион æртыккаг хатт ссис Республикæ Сомихы минæвар Вараздат Лалаян – 451кг (210+241). 2-аг бынат та бацахста уæрæсейаг атлет Даниил Вагайцев – 425 кг (192+241).

Нæ республикæйы иугонд командæйы хистæр тренер Дзбойты Петр ирыстойнаг штангистты архайд банымадта хорз æнтыстдзинадыл: «Нæ чызджыты дыууæ æвзист майданы æмæ Наниты Тимуры бронзæ хæрзиуæг, æнæмæнг, сты арфæйы аккаг. Хъыгагæн, чемпионатмæ ацæуын йæ аразджытæ цæмæдæр гæсгæ нæ бауагътой нæ зындгонд тренер Золойты Хъазыбеджы. Хъазыбег уым куы уыдаид, уæд йæ хъомылгæнинаг Гусалты Зæринæ сыгъзæрин майдан кæй рамбылдтаид, уый гуырысхойаг нæу. Ерысты рæстæг спортсменæн йæ тренер йæ фарсмæ куы уа, уæд ын уый у стыр æххуыс. Уæлдайдæр та Хъазыбеджы хуызæн фæлтæрдджын, йæ хъомылгæнинæгтæн уарзон тренер».



ГУСАЛТЫ Зæринæ

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

**Фыдæлты фарн**

# Здæыды Алардыйы бæрæгбон

**Аларды у фадынæг æмæ цæсты низты зæд-бардуаг. Уæлдай æмхицдæр у сывæллæттæм. Алардыйы хъыджы бацыдтæ, уæд дзы дæ сывæллæтты, дæхи хъахъхъæн. Адæм æм куывтой тæрсгæ-ризгæйæ, хатыртæ кургæйæ йыл фæдзæхстой сæ сывæллæтты.**

Алардыйыл, цæмæй йын, цы гуырдтæ рантыса, уыдон цæринаг уой.

Кувæг лæг, дуаргæнджытæ æмæ лæуджыты хæлттæм гæсгæ æвзæрстой. адæмæн кувæггаг хицæнæй рæвдз кодтой.

Здæыды цардысты: Цæгæратæ, Томæтæ, Габолатæ æмæ Ægъуызартæ. Уыдонæй алы мыггагæн дæр

Алардыйы чъиритæ кодтой, зæххы хуссар хайы цы мæнæу зади, уый ссадæй. Нывонд ын кодтой урс уæрыкк.

Здæыды Алардыйы кувæндоны бæрæгбон вæййы уалдзæджы, зæрдæвæрæны мæйы фыццаг къуырийы. Къуырисæры вæййы дуаргæнæн бон, нæлгоймæгтæ æртæ кæрдзыны, æртæ гуыборы схæссынц кувæндонмæ, скувынц сæ, æмæ уæд дуаргæнæг кувæндоны дуар бакæны. Афæдзæй-афæдзмæ дзы ныууадзынц бæгæны. Мидæгæй кувæндоны бирæ алыхуызон дзаумæттæ æвæрд ис: фаттæ, саджы сыкъатæ æмæ æндæртæ.



Дыццæджы та, куывды бон, сылгоймагæй, сывæллонæй цыдысты кувæндонмæ се ’ртыгай кæрдзынтимæ, бæгæны æмæ мысайнæгтимæ. Сæ къахыдарæс дзуармæ цæуæг адæм, ссæуæны бынæй раласынц. Кувæг лæг сын се ’ртæдзыхоны скувы. Кувгæ йæ-иу дзырдтой: «О, рухс Аларды, табу дæуæн, нæ чысылтæ де ’уазæг, не стыртæн цæсты рухс ратт. О, Аларды, табу дæуæн: дардæй дын кувдзыстæм, хæстæгмæ нæм ма ’рцу, куы æрцæуай, уæд хъæлдзæгæй фæстæмæ куы цæуай, уæд та нæ худгæйæ ныууадз, дæ хорздзинæдтæ нын ма бавгъау кæн». Бæрæгбоны рæстæг-иу куы ’рцыдис уæд-иу (Лæгты дзуар) æмæ Аларды бынæттæй ивд æрцыдысты куывды мидæг.

Кувæндоны уæлейы ис дур, æмæ-иу сывæллæтты æсхастой уырдæм, уыцы дурыл сабийы æртæ хатты атылдтой (зæронд сылгоймæгтæй исчи). Æмæ-иу скуывтой, æнæниз куыд уа, дзуарæн адджын куыд уа æмæ йын лæггад куыд кæна.

Ног чындзыты дæр-иу скодтой кувæндонмæ разгæмтты æмæ-иу сæ хистæр сылгоймæгтæ бафæдзæхстой Сыгъзæрин Хæлттæ – бæрз къæбæлæй, æмæ-иу сæ нымæт худы сцагътой, афтæмæй. Арфæгæнæнмæ-иу мысайнæгтæй балхæдтой кусæрттаг, æмæ-иу дзы стыр куывд скодтой.

Къусбар-иу хъæубæсты уынгты зылдысты хæдзæрттыл, зад-иу æмбырд кодтой. Æмæ-иу уæд сфыхтой бæгæны, сæ уæлæ-иу урс дарæс скодтой, афтæмæй.

Йæ бон куывдмæ ссæуын кæмæн не сси, уыцы кувæндоны бын ис йæхи цардахъ. Бæрæгбоны-иу цардахътæм цины нуазæнтæ хастой, арфæтæ-иу кодтой кæрæдзийæн.

Лæппу-иу кæмæн райгуырд, уыдон та-иу уæрыкк æргæвстой. Æнæуи бон Алардыйы кувæндонмæ æртæ кæрдзынимæ цæуын не ’мбæлди.

Ацы аз Здæыды Алардыйы бæрæгбон уыдзæн 5 майы.

**Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодта ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

**Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ**

# Иу фембæлд Балоимæ

**Иуахæмы нæ «Хохаг» кафтимæ, Джызæлы ансамбль «Арт»-имæ бахаудтам «винегреты». «Хохаг кафт» кодтам æртæйæ – Коцойты Жорик, Хъодзаты Олег æмæ æз. «Винегрет» та хуыдтам иумæйаг концерт алыхуызон аивады номыртæй, Ирыстоны алы къуымтæй. Кадджын уазджытæ-иу куы сæмбæлд Ирыстонмæ, уæд-иу сын цыбыр рæстæгмæ ахæм концерт амбырд кодта Культурæйы министрад.**

Ныр дæр Октябрыхъæумæ, æфсæддон хаймæ ссыдысты иу дæсмæ ’ввахс инæлартæ, æмæ сын Октябрыхъæуы Культурæйы галуаны концерт раттын хъуыд. Баластой нæ, фæлыст нæ уæлæ, афтæмæй. Загътой нын, нæ кафт уыдзæн рады дæсæм, æмæ мах дæр, нæ хъаматæ æд рæттæ нæ къухты, хæдбынбостæ – нæ хъуыртыл ауыгъд, афтæмæй æмбæрзæны фæстæ нæхи пъолыл æруагътам, æнхъæлмæ кастыстæм. Уалынмæ дын нæ цурмæ рахызт къæдзæхыйас лæг, уардихуыз хæдоны, йæ хъусы æвзист цæг. Мах æй базыдтам, – Тæбæхсæуты Бало, «Отелло»-йы ролæй скъуыддзаг кæсдзæн. Мах фæгæппытæ кодтам æмæ йын нæ сæртæй акуывтам. «Уæ салам бирæ, сбадут, лæпптæ», – загъта Бало. Уыцы рæстæг нæ рæзты æрбатахт гыццыл лæппу, Тарскæйы сывæллæтты кафджыты къордæй.

«Лæппу, дæумæ дзурын! – райхъуыст Балойы хъæлæс æрвнæрæгау. – Кæй фырт дæ?» Лæппу йæ бынаты асалд, фæтарст. Æмæ дзы чи нæ фæтарстаид, – сау-сауид, хохыйас лæг, йæ цæстытæй цæхæртæ кæлы.

«Сидойы», – æфсæрмхуызæй дзуапп ратта лæппу. Бало йæ къухæй кæдæмдæр амоны æмæ дын афтæ: «Дæлæ та Сидо саурасыгæй, кауыл хæцгæ, схилы, ха-ха-ха!» Лæппу худæгæй бакъæцæл, стæй дын афтæ: «Пъапъа нуазгæ нæ кæны!» Мах дæр ныххудтыстæм. «Цу, æмæ фыдуаг ма кæн!» – фæлмæн хъæлæсæй йын загъта Бало.

Ныр уыцы лæппуйыл цæудзæн, æвæццæгæн, иу æхсай азы бæрц. Æндæр мын æвдисæн ничиуал ис, рухс дзæнæты бадæнт!



## «Арт» артыл кафыд

Ацы цау та æрцыд фæсарæнты, Чехословакийы. Кафджыты къорд «Арт» Джызæлæй фæцыдыстæм Чехословакимæ. Нæ гастрольтæ кæронмæ хæццæ кодтой, афтæ нæ баластой иу егъау цады былмæ. Йæ иу фарс – æрдæгсакъадахау арæзт сценæ хъæдæй. Хорз арæзт уыд, дарæсивæнтæ, кулисæтæ, æмбæрзæн – алцы дæр – нывыл.

Цады бæлæгъты бирæ адæм æрбамбырд. Ноджы ма концерты иу хайы та зарыд зындгонд зарæггæнæг Карел Готт гыццыл чызгимæ иумæ. Нæ концерт-иу райдыдта сюита «Арт»-æй. Лæппутæ – сырхсырхид цухъхъаты, чызджытæ – æрвхуыз разгæмтты, сæ сæртыл уардихуыз цыллæ сæрбæттæнтæ. Рог, аив музыкæмæ-иу æгас сценæйыл бæстæ змæлд ссис. Иу уысм-иу стъалыйау алæууыдыстæм. Лæпптæ – йæ тынтæ, чызджытæ дæр – тынтæ æмæ-иу уыцы тынтæ кæрæдзийы ’хсæнты цъилау зилынц. Уæдмæ-иу стъалыйы астæу фегуырд къæдзæхыйас лæппу – Моргуаты Блу, йæ къухы бæрзонд систа бæгæныйы къус, йæ хуылфæй пиллон кæлы, афтæмæй. Фæлæ иу ран йæ къах фæбырыд æмæ къусæй судзгæ бензин пъолмæ, нæ къæхты бынмæ ’ркалд. Пъол судзы, Цæллагты Адекк хъæр кæны: «Ма ’рлæууут, кафгæ!» Иннæрдыгæй Солтанты Пет: «Размæ, Джызæл!» Кафт кæронмæ ахæццæ, адæмы къухæмдзæгъдæй бæстæ нæры. Æмбаргæ дæр æй ничи бакодта, ома, дам, хъуамæ артыл кафой. Кæмæндæр, дам, йæ сины саст куыд фæрæстмæ, махæн дæр ма ноджы аивы хос фæци нæ бензины сыгъд.

**ТОРЧЫНТЫ Михал (Бабу), Джызæл**

**Бакæс, базон**

# Космосы тыххæй цымыдисаг фактæ

**Хъæр дзы нæ хъуысы?**

Космосы куы ныхъхъæр кæнай, уæд дæхи нæ фехъусдзынæ. Уымæн æмæ, кæй хъусæм, уыцы мыр у уæлдæфы змæлд, мырон уылæнтæ.

Космосы уæлдæф нæй, æмæ дзы, афтæмæй, мырон уылæнтæн дæр уæвæн нæй. Уыимæ, радиоуылæнтæ æмæ рухсы уылæнтæ æнцонæй парахат кæнынц космосон тыгъдады, æмæ йын бамбарæн дæр ис – уыдоны уæлдæф нæ хъæуы.



**Кæд æртæхдзæн Галлеяйы кометæ?**

2061 азы. Цымыдисаг у, Марк Твен кæй райгуырд 1835 азы, уыцы кометæ куы атахтис, уыцы аз. Иухатт Марк Твен загъта: «Æз æрбацыдтæн уыцы кометæимæ, афæдзы фæстæ та уый арвы къуырфы фæзындзæн, æмæ æз дæр йемæ ацæудзынæн». Æцæгæйдæр афтæ рауад.

**Космос тар цæмæн у?**

Уымæн æмæ космос у афтид, тутт тыгъдад. Йæ мидæг рухс дæр нæй. Растдæр зæгъгæйæ та дзы рухс афтæ гыццыл ис, æмæ йæ адæймаджы цæст нæ ахсы.

**Адæймаг Марсмæ кæд атæхдзæн?**

Уый тыххæй нæм нырыдæгæн алцыдæр ис. Сæйраг цæлхдур фыццагау у финансон фарста. Космосмæ балц зынаргъ хъуыддаг у. Чи зоны, Марсмæ уыцы балц уыдзæн 2030 азы. Æвæццæгæн, уый йæ бон саразын бауыдзæн сæрмагонд компани (Space-X-йы хуызæн), кæнæ та иумæйаг проект цавæрдæр паддзахад æмæ сæрмагонд корпорацийæн. Илон Маск (корпорацитæ Тесла, PayPal и Space-X-ы бындурæвæрæг) фидарæй зæгъы, фыццаг адæймæгты къорд Марсы кæй æрбынæттон уыдзæн 2100 азы агъоммæ.

**Нибиру кæм ис?**

Иу æмæ дыууæ хатты нæ фехъуыстам цавæрдæр æмбæхст, сусæг планетæ Нибируйы тыххæй. Бауырнинаг хъуыддаг нæу, фæлæ ахуыргæндтæ æцæгæйдæр ссардтой, Хур æмæ Плутонæй ноджы дарддæр чи ис, иу ахæм планетæйы æвдисæндартæ. Сæ нымадмæ гæсгæ, уыцы планетæ хуры алыварс иу хатт æххæстæй æрзилы дæс мин азмæ.

**Æнæ скафандрæй космосы адæймаджы туг рафыццæн, уый раст у?**

О. Уый баст у æлхъывдады ахадындзинадимæ тæнгъæды (жидкость) рафыцыны тæлмыл. Æлхъывдад куыд ныллæгдæр у, афтæ ныллæгдæр у рафыцыны температурæ. Афтæмæй, ныллæг æлхъывдады тыххæй адæймаджы буары температурæ фаг уыдзæн, цæмæй туг космосы рафыца.

**Космосы цавæр температурæ ис?**

Уый баст у алыхуызон уавæртимæ. Хуры хуызæн стъалытæм хæстæгдæр температурæ у бæрзонддæр. Куыд дарддæр, афтæ – уазалдæр. Зæгъæм, космосон станцæйы уæлцъар температурæ баст у, хурварс ис æви ауоны. Хурварсы станцæйы уæлцъары температурæ вæййы 121 С, ауоны та – -157 С.

**Æндæр планетæты цæрджытæн (инопланетяне) нæ сæ бон тыхæй байсын у?**

О дæр æмæ нæ дæр. Иуырдыгæй, космос тынг егъау у, æмæ дзы, чи зоны, ис æдзонд, æмбаргæ æмбисондтæ (существо). Иннæрдыгæй та, цæмæй дынджыр дæрддзæгты (расстояние) сæрты ахизай, планетæтæ æмæ стъалыты ’хсæнты, уый тыххæй цивилизаци хъуамæ уа тынг размæцыд. Æмæ уыцы раззагдæр цивилизаци мах хъуамæ нæхимæ истæмæй æркæсын кæнæм, æрбаздахæм, цæмæй мах тыххæй уыцы егъау дæрддзæгты сæрты ахиза.

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2763. Заказ № 447. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**